



Biwo Grefye Vil la
ALEX GEOURNTAS
Grefye vil la

Depoze yon demann endemnite nan Vil Boston

Ou ka fè yon demann endemnite kote Vil Boston si ou te blese oswa si pwopriyete w te andomaje. Egzanp yo enkli, men se pa sa sèlman, blesi oswa domaj pa defo wout oswa twotwa oswa yon aksidan avèk yon machin ki posede pa Vil la te koze. Pou fasilite pwosesis demand endemnite w la, tanpri swa itilize Fòmilè Demann endemnite Vil Boston ki anekse a oswa bay tout enfòmasyon yo mande sou fòmilè a .

Ou dwe mete yon frè dosye \$15.00 ak demann endemnite w la, jan Chapit 18-1.3, Seksyon 15 nan Òdonans Vil 2013 yo prevwa sa. Biwo Grefye Vil la aksepte peman sou fòm yon chèk ki fèt pou Vil Boston. Kat debi, kat kredi ak peman kach ka fèt sèlman an pèsòn nan Biwo Grefye Vil la. Si Vil la konpanse w pou demann endemnite w la, Vil la ap ranbouse frè pou dosye sa a.

Tanpri soumèt fòmilè demann endemnite ki anekse a ak tout dokimantasyon bay Biwo Grefye Vil la an pèsòn oswa nan lapòs nan adrès sa a :

*Mèri Devil Boston
Biwo Grefye Vil la
Yon Plas nan Mèri Devil, Chanm 601
Boston, MA 02201
ATANSYON -Divizyon Demann endemnite*

Grefye Vil la responsab SÈLMAN pou aksepte depo demann endemnite w la epi li pa gen okenn lòt patisipasyon yon fwa yo voye l bay Sèvis Jiridik Vil la. Yon fwa ou fin soumèt demann endemnite w la, tanpri bay 6 a 8 semèn pou tretman anvan ou kontakte Sèvis Jiridik la konsènan demann endemnite w la. Ou ka kontakte Sèvis Jiridik la nan 617-635-4034.

Pou fasilite pwosesis demann endemnite w la: (Revizyon Tanpri sonje seksyon anba paj la)

- enkli estimasyon detaye, fakti, resi, tout rapò operatè ak/oswa ensidan
- tout foto domaj machin si li enplike nan yon kolizyon machin
- mete foto menm si w ap chèche sèlman endemnizasyon pou aksidan pèsònèl

Pou move wout oswa chose (Revizyon Tanpri sonje seksyon anba paj la)

- tanpri mete foto ki pi pre ak pi lwen ki montre defo a ak zòn ki antoure a
- foto yo ta dwe montre egzakteman ki kote defo a ye

Vil la mande pou w soumèt premye fòmilè demann endemnite w la sou papye bay Biwo Grefye Vil la pa lapòs oswa livrezon an men. Fòmilè Demann endemnite a disponib sou Entènèt nan www.boston.gov/cityclerk. Sepandan, si ou ta renmen bay nenpòt dokiman sipò, tankou foto ak estimasyon, nan fòm elektwonik, kontakte Sèvis Jiridik la omwen senk jou ouvrab (5) apre ou fin soumèt demann endemnite w la pou fè aranjman pou voye dokiman yo elektwonikman.

Tanpri sonje

- Enfòmasyon yo mande ak bay sou fòmilè sa a se pou konsèy jeneral sèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm konsèy jiridik. Si w ta renmen jwenn yon konsèy jiridik konsènan demann endemnite w la, ou ta dwe konsilte pwòp avoka w.
- Dapre lalwa, Vil la dwe **resevwa** nan 30 jou apre ensidan an pifò demann endemnite pou blesi oswa domaj ki gen rapò ak defo wout ak twotwa. (Lwa Jeneral MA, Chapit 84)
- Vil la dwe **resevwa** nan (2) dezan apre ensidan an tout lòt demann endemnite ki baze sou neglijans. (Lwa Jeneral MA, Chapit 258)
- Tout dokiman ou bay ap tounen pwopriyete Vil Boston. Tanpri asire w ou kenbe kopi nenpòt dokiman sa yo pou dosye w yo ak referans alavni.

Fòmilè Reklamasyon Vil Boston

TIP DEMANN ENDEMNITE ☐ kolizyon ak machin vil la ☐ oswa defo twotwa
☐ machin ki andomaje nan remokaj ☐ ranbousman remoukaj ☐ lòt
DOMAJ REKLAME ☐ domaj pwopriyete ☐ aksidan pèsònèl

MOUN KI MANDE ENDEMNITE A (isi w ap ranpli yon demand endemnity ranplasman,
tanpri mete konpayi asirans lan kòm moun ki fè demand endemnity a
non _____ telefòn _____
adrès _____

Ijmel _____

DEMANN ENDEMNITE PA RANPLASMAN SÈLMAN: non moun ki sou asira _____ nimewo dosye w la . _____

AVOKA OSWA REPREZANTAN DEMANN ENDEMNITE A

non _____ imel _____
non ak adrès konpayi _____
_____ telefòn _____

MACHIN MOUN KI MANDE ENDEMNITE A


pwopriyetè _____ nimewo lisans chofè _____
nimewo plak . _____ ane _____ mak/modèl _____
konpayi asirans _____ chofè _____
pasaje(yo) _____

MACHIN VIL

dat _____ lè _____ kote _____

deskripsyon _____

dyagram



☐ lapolis ☐ ponpye ☐ Sèvis

Medikal ijans yo entèvni tmoun ki mande endemnity a oswa asire a ☐ ranpli yon rapò operatè ☐ pran foto sèn nan/ domaj la

DOMAJ

deskripsyon blesi ak/oswa pwopriyete domaje _____
\$ _____ pou _____ ; \$ _____ pou _____ ; \$ _____ pou _____ ;
\$ _____ pou _____ ; \$ _____ pou _____ ; TOTAL \$ _____ ;

Siyati

Mwen, _____ (ekri non ou an lèt detache) afime ke enfòmasyon ki endike anwo yo se verite e konplè
selon sa mwen konnen.

Siyati _____

Dat: _____